

21

fevriye

Bondye gen pouvwa, li pa meprize pèsonn.

Jòb 36. 5

Li wete pòv yo nan lapenn yo, li bay endijan yo men pou yo soti nan mizè yo. Li fè yo chita menm kote ak grannèg yo. Li ba yo bèl pozisyon nan lasosyete. 1 Samyèl 2. 8

Kote ki pi ba nan nechèl la

Jounen jodi a, moun renmen pale de “asansè sosyal”, ki se mwayen ki pèmèt moun amelyore kondisyon yo nan lasosyete. Bondye vle fè plis pase sa, pou chak moun sou latè. Li mete nou tout nan menm nivo, nan zafè moral : “Pa genyen okenn diferans, paske tout moun fè peche” (Women 3. 23). Si nou byen gade tèt nou, nou dwe tonbe dakò, fason Bondye wè moun nan jis. Men, lè nou konstata sa, Bondye pa kite nou san resous. Li di nou, gras li ak padon li pou nou si nou kwè nan Jezi Kris, Pitit li a. Tout moun peche, wi, men “tout sa yo ki kwè a, yo jistifye gratis gras ak Li” (Women 3. 24). Bondye pa nan gade moun sou aparans, li pa nan patipri (Women 2. 11).

Bib la montre anpil egzanp moun ki bò “kote ki anba nan nechèl la”, nou ta kapab di, e Bondye te “leve” pou-tèt yo te mete konfyans yo nan Bondye.

– Laza, nan parabòl la, li te pòv, kò li te kouvri ak mal-eng chen yo t ap vin niche, epi li te anvi manje ti myèt pen ki t ap tonbe sou tab nonm rich la (Lik 16. 19-31). Lè l te mouri, “zanj yo te transpòte l” nan kè kontan ki anwo a.

– Malfektè yo te kloure ak Jezi a, te rekonèt Krim li yo, li te vire jwenn Sovè a e Jezi te bay repons sa : “Jodi a, ou va avèk mwen nan paradi” (Lik 23. 43).

Pa gen okenn sityasyon dezespere kote Bondye pa kapab atire nou sou li.

21 février

Dieu est puissant et ne méprise personne. Job 36. 5

De la poussière il fait lever le misérable, de dessus le fumier il élève le pauvre, pour les faire asseoir avec les nobles : et il leur donne en héritage un trône de gloire.

1 Samuel 2. 8

Au plus bas de l'échelle

On aime, de nos jours, parler “d’ascenseur social”, ensemble des moyens permettant aux gens d’améliorer leur condition dans la société. Dieu veut faire bien plus que cela pour chaque être humain. Il nous met tous, d’un point de vue moral, sur le même plan : “Il n’y a pas de différence, car tous ont péché” (Romains 3. 22, 23). Si nous jetons un regard lucide sur nous-mêmes, nous devons convenir que cette appréciation de Dieu est tout à fait juste. Mais, en faisant ce constat, Dieu ne nous laisse pas sans ressources. Il nous dit que sa grâce et son pardon sont pour nous si nous croyons en Jésus Christ, son Fils. Tous les hommes ont péché, oui, mais “tous ceux qui croient sont justifiés gratuitement par sa grâce” (v. 24). “Il n’y a pas de considération de personnes devant Dieu”, pas de partialité (Romains 2. 11).

La Bible présente de nombreux exemples de personnes “au bas de l’échelle”, dirions-nous, et qui ont été “élevées” parce qu’elles avaient placé leur confiance en Dieu :

– Lazare, dans la parabole, était pauvre, couvert d’ulcères que les chiens venaient lécher, et il désirait manger les miettes qui tombaient de la table du riche (Luc 16. 19-31). À sa mort, il a été “porté par les anges” dans la félicité de l’au-delà.

– Le brigand crucifié avec Jésus a reconnu ses crimes, il s’est tourné vers le Sauveur et a reçu de lui cette réponse : “Aujourd’hui tu seras avec moi dans le paradis” (Luc 23. 43).

Il n’y a pas de situation désespérée au point que Dieu ne puisse pas nous attirer jusqu’à lui.